

SADHAR
Sabda Winedhar

Oktober
2021

Mitra Saben Ari Marsudi Oti

Tema: Kucinta Keluarga Tuhan

PANDONGA

Sang Yehuwah sumbering berkah
Putra paduka marek sowan asung puja,
puji lan sokur konjuk ing ngarsa Paduka
inggih awit Paduka
ingkang pantes kawula luhuraken

Lumebet ing wulan brayat punika kawula tansah enget
bilih brayat kawula punika kagungan paduka,
Pramila sumangga Paduka agem
pinangka pirantos Paduka mbabaraken katresnan
saha katentreman ing jagad punika

Roh suci Paduka mugi nuntun saha mbereg kawula
amrih brayat kawula saged maujudaken
brayat ingkang silih asah, silih asih, lan silih asuh
satemah saged dados pepadhang ing masyarakat
saha tangga kanan kering kawula
saged ngraosaken katresnan Paduka
lumantar brayat kawula

Wonten ing asma dalem Gusti Yesus Kristus
kawula ndedonga
Amin

WOHING KATEMENAN

“Rak pangabektimu marang Gusti Allah kang minangka andel-andelmu, lan katemenane lakumu kang dadi pangarep-arepmu?” (Ayub 4:6)

Manawi kita nindakaken patuwen dhateng Panti Asuhan Salib Putih Salatiga, ing ngriku wonten seratan utawi motto ingkang endah suraosipun, *“Katemenan Iku Ajining Ngungkuli Kapinteran”*. Seratan utawi motto punika kangge pamecut lare-lare ingkang kagulawenthah wonten ing Panti Asuhan Salib Putih. Nanging saged ugi dados piwucal dhateng para tamu ingkang rawuh wonten ing Panti Asuhan punika. Bilih katemenan dados sarat utami kangge nggayuh *masa depan* lan gesang ingkang langkung sae saha prayogi. Katemenan ugi saged nuwuhaken daya kakiyatan enggal dhateng tiyang ingkang nembe ngadhepi prekawis lan panandhang.

Kados ingkang dipun alami dening Rama Ayub ing salebeting panandhang lan kasangsaranipun. Rama Ayub tetep nelakaken katemenan lan pangabekti dhumateng Gusti. Sinaosa ing piyambakipun nampi pamoyok lan dipun wewada dening kanca-kancanipun. Nanging Rama Ayub kanthi kebak ing piandel tansah ngajeng-ajeng dhumateng Gusti. Bilih kanthi katemenan lan pangabektinipun dhumateng Gusti saged uwal lan mimpang saking panandhang lan kasangsaranipun.

Para winasis ugi ngendikaken nalika wit tuwuh sangsaya inggil, sansaya ageng angin ingkang anempuh. Mekaten ugi sangsaya inggil katemenan lan kasetyan tiyang pitados dhumateng Gusti, temtu sansaya ageng panggodha lan pacobenipun. Kathah tiyang nalika ngadhepi prekawis lan kasangsaran lajeng nglokro, semplah lan nilar Gustinipun. Ing panandhang lan kasangsaranipun, Rama Ayub sampun paring tuladha kanthi gesang ing katemenan lan pangabekti dhumateng Gusti. Kados pundi tumrap kita? Tansaha tatag lan setya ngantos dugeng wekasan! Kanthi kebak ing piandel lan pangajeng-ajeng, katemenan lan kasetyan kita dhumateng Gusti tundhanipun nuwuhaken kamenangan lan kamulyan. I*SCYN



MANDENG KATRESNAN LAN KASETYANIPUN ALLAH

“Amargi katresnan saha kasetyan Paduka ingkang kawula pandeng, sarta lampah kawula wonten ing kaleresan Paduka.” (Jabur 26:3)

Sampun nate wonten ing satengahing pangibadah dinten Minggu suwasanipun dados regeng, awit wonten lare-lare Sekolah Minggu sami misungsungaken gerak dan lagu ‘Kingkong Badannya Besar’. Amargi taksih alit, lare-lare punika boten sami fokus utawi konsentrasi kaliyan gerak lan lagunipun. Wonten lare ingkang nyanyi kaliyan jaged kanthi lucu, wonten ingkang nyanyi kemawon, wonten ingkang namung jaged kados kingkong, wonten ingkang mendel kemawon, nanging ugi wonten ingkang namung tolah-toleh ningali kancanipun. Sedaya ketinggal sami lucu lan mbingahaken, dadosaken pasamuwan sami gumujeng ger-geran. Lare-lare punika taksih sami lugu, dereng saged sami fokus lan konsentrasi kaliyan gerak lan lagunipun.

Asring kita kadosdene lare alit punika, gesang kirang fokus lan konsentrasi. Punapa malih kirang fokus lan konsentrasi anggenipun mandeng katresnan lan kasetyanipun Gusti. Asring wonten gesang punika kita namung fokus dhateng prekawis, masalah, boten fokus kaliyan berkahipun Allah. Menawi kita namung fokus utawi mandeng dhateng masalah, ingkang ketinggal ing gesang punika namung prekawis-prekawis ingkang awon. Kosokwangsulipun menawi kita fokus utawi mandeng bilih sedaya punika berkahipun Allah, ingkang ketinggal ing gesang punika temtu prekawis-prekawis ingkang endah.

Sang Juru Mazmur gesang kanthi kebak ing pangaken lan piandel. Bilih namung katresnan lan kasetyanipun Sang Yehuwah ingkang dipun pandeng. Pramila Sang Juru Mazmur saged mirsani panganthi lan berkahipun Sang Yehuwah. Sumangga kita sansaya mandeng katresnan lan kasetyanipun Gusti, boten namung masalah-masalah kemawon ingkang kita pandeng ing gesang kita. Satemah samukawisipun ketinggal endah ing paningal lan gesang kita. Mila tansah mandenga katresnan lan kasetyanipun Gusti sarta lampah gesang wonten ing kaleresan. I*SCYN



NAMPI INKGANG SAE LAN AWON

“Ewadene wangsulane Ayub: “Calathumu iku kaya wong gemblung, sabarang peparinge Gusti Allah kang becik padha daktampani, kang ala apa ora kudu koktampani uga?” (Ayub 2:10a)

Manawi kita klengenipun nedha lotis utawi rujak. Temtu mangertos, bilih raos saking lotis utawi rujak punika warni-warni. Kejawi raosipun pedes, raos buahipun wonten ingkang raos manis, kecut, sepet, pait, getir, lsp. Mekaten ugi wonten ing lampahing gesang kita lan kulawarga kita. Temtu boten ajeg, saged ewah gingsir lan gilir gumantos. Lampahing gesang kita lan kulawarga kita boten salaminipun ajeg manis kemawon, sae-sae kemawon utawi pait-pait kemawon. Kapara wonten ingkang ngraosaken langkung kathah pait-getiring gesang tinimbang kaliyan manising gesang.

Pait-getiripun gesang, panandhang lan kasangsaran ugi dipun alami dening kulawarganipun Ayub. Ing kawontenan kados mekaten, garwanipun ndhawuhi Ayub supados nyupaosi Gusti Allah, lajeng ngaturi Ayub seda kemawon. Nanging Ayub kanthi wicaksana ngandika: *“Calathumu iku kaya wong gemblung, sabarang peparinge Gusti Allah kang becik padha daktampani, kang ala apa ora kudu koktampani uga?”.* Ayub mirsani sadaya panandhang kanthi pamawas ingkang leres, bilih Gusti Allah boten nate ngrantam ingkang boten sae dhateng umatipun. Rancanganipun sanes rancangan kacilakan, nanging rancangan ingkang kebak tentrem rahayu.

Kita gampil ngucap sokur nalika nampeni prekawis-prekawis ingkang sae ing gesang kita. Nanging nalika kita mrangguli prekawis ingkang boten sae, asring kita gampil kuciwa, nglepataken Gusti lan nglepataken anggotaning kulawarga kita. Ayub sampun paring patuladhan dhateng kita, kanthi pamawas ingkang leres, bilih rancanganipun Gusti rancangan ingkang kebak tentrem rahayu. Satemah kita sami nampi sadaya peparingipun Gusti. Kita pitados bilih Gusti Allah makarya ing samubarang, njalari kasaenan dhateng tiyang ingkang tresna dhumateng Panjenenganipun. I*SCYN

SAKIT GIGI PUNAPA SAKIT HATI?

“Saupami mengsah kawula ingkang ngawon-awon kawula, kawula taksih saged sabar. Nanging kowe iku wong kang cedhak karo aku, kancaku lan wong kang dak pracaya.” (Jabur 55:13a-14)

Penyanyi Meggi Z wonten tembangipun: *“Lebih baik sakit gigi daripada sakit hati...”*. Menawi katuran milih, sakit gigi menapa sakit hati? Temtu boten kekalihipun, awit kekalihipun boten ngremenaken lan mbingahaken. Punapa malih sakit hati utawi manahipun ingkang sakit., temtu langkung sisah pados tambanipun, langkung dangu mantun-ipun. Nalika kita dipun sakiti dening tiyang sanes, sacara kamanungsan manah kita serik lan sakit sanget. Menapa malih ingkang damel sakit manah kita punika tiyang-tiyang ingkang caket kaliyan kita. Saged kekasih kita, kulawarga kita, sae punika semah, anak-anak, tiyang sepuh kita lan tanggi tepalih kita.

Sang Prabu Dawud ngraosaken sedhah, sakit manahipun lan muwun. Awit panjenganipun dipun cidrani, dipun sakiti dening tiyang-tiyang ingkang caket kaliyan piyambakipun. Inggih punika Ahitofel penasehatipun lan Absalom putra ingkang kinasih. Ahitofel ingkang paring pitedah supados Absalom ngrebat panguwaosipun ramanipun kanthi ngruda-paripeksa. Ing kawontenan ingkang dipun cidrani lan dipun sakiti dening tiyang-tiyang ingkang caket kaliyan panjenenganipun. Sang Prabu Dawud tetep sabar lan pitados dhumateng Gusti Allah ingkang paring pitulungan (ayat 13-14).

Nalika kita dipun damel kuciwa lan dipun sakiti dening sinten kemawon, linangkung tiyang ingkang caket kaliyan kita. Tansaha sabar, kebak ing pangapuntan, boten ngendhem sengit dhateng tiyang-tiyang ingkang nyakiti kita. Nguwuh-uwuh kanthi sora dhumateng Gusti, temtu Gusti myarsakaken pasambat kita. Sampun ngantos kadlarung-dlarung ing raos kuciwa lan kasedhahan. Nanging pasrah-sumaraha dhumateng Gusti sumbering pepadhang lan margining pangluwaran. I*SCYN

OLAHA ATUT RUKUN

“Nanging anggone Gusti Allah nimbali kowe iku, supaya kowe padha olaha atut rukun .” (1 Korinta 7:15b)

Ing sakwijining dinten pak guru paring piwucal dhateng murid-muridipun: “Anak-anak, ing gesang bebrayan agung, awake dhewe kabeh kudu tetep mbangun karukunan!” Lajeng Hayu, muridipun ngacung lan nyuwun pirsu: “Pak guru, brayat ingkang pundi ingkang kedah dipun rukuni, punapa kulawarga kandung, tunggal simbah, kulawarga sapasamuwan, tunggal kapitadosan, brayat sa-Indonesia punapa brayat sajagad?” Pak guru mesem rumaos marem dhateng pitakenanipun Hayu. Lajeng Pak Guru paring wangsulan: “Ya kabeh, sing mbok sebutna kuwi mau.”

Rikala semanten, pasamuwan ing Korinta nembe ngadhepi prekawis bab *keharmonisan* kulawarga. Awit boten saged dipun selaki bilih ing salebeting lelampahan gesang bebrayatan mesti wonten prekawis, sae alit menapa ageng. Langkung malih ing gesang bebrayatan ingkang boten tunggal kapitadosan. Nanging rasul Paulus ngandika: “Aja nganti megat bojo! (ayat 10-11). Awit lelampahan tiyang pitados kedah saged dados lantaraning berkah tumrap brayat lan sinten kemawon ing sakiwatengenipun. Rasul Paulus ngemutaken bilih mbangun gesang bebrayatan minangka sarana ngestokaken timbalanipun Gusti Allah: “Nanging anggone Gusti Allah nimbali kowe iku, supaya kowe padha olaha atut rukun.” (1 Korinta 7:15b).

Kantheni mekaten, karukunan boten manung winates ing brayat sagriya, tunggal kandung, tunggal kapitadosan. Aanging saben patunggilan (komunitas) ingkang saged kabentuk. Mila kita saged nengenaken gesang atut rukun sinarengan saben umat ing salumahing bumi. Murih kita saged mbangun pakaryanipun Allah ingkang kebak katentreman mawujud ing gesanging bebrayan agung. Sami olaha atut rukun! Awit, rukun agawe santosa, crah agawe bubrah. I*SCYN

IYA APA ORA

“Yen iya kandhaa: iya, yen ora, kandhaa: ora. Saluwihe saka iku, asale saka pangawak dursila.” (Mateus 5:37)

Kangge tiyang ingkang karemenan utawi hobinipun dhahar bakso, ing kutha Sala wonten satunggaling warung bakso ingkang boten kados warung-warung bakso padatanipun. Naminipun warung punika ‘bakso kejujuran’. Artanto ingkang kagungan warung ‘bakso kejujuran’ kanthi slogan: “Ambil sendiri, hitung sendiri dan bayar sendiri”. Artanto ingkang kagungan warung bakso punika. Piyambakipun boten nate ngetang sepinten bakso lan jajanan ingkang dipun dhahar dening tiyang ingkang tumbas utawi pengunjung. Wonten ing ngriku tamtu dipun betahaken lan dipun uji kejujuran tiyang ingkang sami tumbas bakso utawi pengunjung. Artanto punika yakin bilih ing kutha Sala kathah tiyang ingkang sami jujur ing gesangipun.

Kajujuran satunggaling prekawis ingkang wigatos madyaning gesang punika. Tumrap tiyang ingkang nggadhahi pamanggih lan prinsip bilih ‘jujur bakale ajur’, temtu kajujuran dados barang ingkang langka lan angel kawujudaken. Nanging kosokwangsulipun tumrap tiyang ingkang kagungan pemanggih utawi prinsip bilih ‘jujur bakale mujur’, tamtu kajujuran ingkang nuwuhaken kauntungan saged kawujudaken ing gesang bebrayan agung.

Wonten Mateus 5:37, Gusti Yesus ngandika: *“Yen iya kandhaa: iya, yen ora kandhaa: ora, saluwihe iku asale saka pangawak dursila.”* Asring ing gesang punika supados kita aman, boten nanggal resikonipun, asring kita kandha iya, kamangka saleresipun ora, utawi kita kandha ora, nanging saleresipun iya. Gusti Yesus paring dhawuh supados kita tumindak jujur ing sadhengah prekawis dhateng sinten kemawon. Jujur dhateng tiyang sanes, jujur dhateng dhiri pribadi, linangkung jujur dhumateng Gusti. Kagem mujudaken kaleresan, kayekten, katentreman ing gesang kita. Sumangga kajujuran kawiwitan saking dhiri kita lan kulawarga kita. Yen iya kandhaa: iya, yen ora kandhaa: ora! I*SCYN

PANDUMAN KANG SAMPURNA

“Jalaran kita wus oleh panduman ana ing Sang Kristus, angger kita padha ngukuhi ing kayakinaning pracaya kita kang wiwitan, nganti tumeka ing wekasan.” (Ibrani 3:14)

Wonten unen-unen lan adat tradisi masyarakat Jawi ingkang suraosipun: “Sapikul sagendhongan”. Rumiyan adat tradisi punika dipun ginaaken tiyang sepuh kagem paring panduman utawi warisan dhateng putra-putranipun. Sapikul sagendhongan, ngemu teges bilh anak jaler pikantuk panduman warisan kalih bagian (sapikul). Dene anak estri pikantuk panduman warisan satunggal bagian (sagendhongan). Anak jaler nampi panduman langkung kathah tinimbang kaliyan pandumanipun anak estri.

Ing jagad punika, sepinten cacahipun lan punapa kemawon panduman utawi warisanipun. Tamtu panduman lan warisan punika gampang risak, namung samukawis lan sipatipun boten langgeng. Nanging wonten panduman ingkang sipatipun langgeng salaminipun, inggih punika Kratoning Swarga. Pramila Ibrani 3:14, ngendikaaken: “Jalaran kita wis oleh panduman ana ing Sang Kristus, angger kita padha ngukuhi ing kayakinaning pracaya kita kang wiwitan nganti tumeka ing wekasan.”

Wonten kalih perangan utawi golongan tiyang nalika wonten ing perlombaan iman:

- 1) Tiyang ingkang ing wiwitan ngekahi lan ngantepi iman dhateng Gusti, ananging wekasanipun nilaraken Gusti.
- 2) Tiyang ingkang ing wiwitan ngekahi lan ngantepi iman dhateng Gusti, lan ngantos wekasanipun tetep setya dhumateng Gusti.

Kita tinimbalan supados ngantepi iman lan tansah setya dhumateng Gusti saking wiwitan dumugi ing wekasan. Satemah ing wekdalipun kita sami kacawisan lan nampeni panduman ingkang sampurna, wonten swarga ingkang langgeng mulya. Sami engeta, apa gunane wong oleh jagad iki kabeh, nanging kelangan nyawane. Amin. I*SCYN



PEDHANG KASUKMAN

“Sabab pangandikane Gusti Allah iku gesang lan santosa sarta luwih landhep tinimbang sakabehing pedhang kang landhep kiwa tengen.”

(Ibrani 4:12a)

Hayu ingkang taksih umur 3,5 tahun dumadakan njerit lan nangis sora sanget wonten dapur. Ibunipun kaget nalika pirsa Hayu drijinipun ngedalaken rah amargi kenging lading utawi peso dapur. Ibunipun rumaos lena, mila nyuwun pangapunten kaliyan Hayu putrinipun. Hayu dipun sayang lan dipun tuturi supados boten mangsuli dolanan lading utawi peso malih. Amargi peso ingkang landhep punika, menawi boten ngatos-atos anggenipun ginakaken saestu mbebayani. Kajawi peso, kadosdene pedhang ugi barang ingkang landhep lan dados senjata ingkang mbebayani. Jaman rumiyin pedhang ingkang landhep kiwa tengen asring dipun ginakaken dening bangsa Romawi. Nalika tentara Romawi ginakaken lan namak’aken pedhangipun. Sinten kemawon ingkang kenging mesthi badhe cilaka saged dugi tiwasipun.

Serat Ibrani 4:12 nelakaken bilih pangandikanipun Gusti Allah langkung landhep kaliyan sakathahing pedhang kang landhep kiwa tengen. Pedhang ingkang kita wastani landhep, nanging landhep-ipun saestu boten saged nglangkungi kaliyan pangandikanipun Gusti Allah. Awit pangandikanipun Gusti Allah tumama bebles ngantos misahaken nyawa lan roh, ros-rosan, lan sungsum.

Dados manawi kita lan kulawarga kita maos lan mirengaken pangandikanipun Gusti Allah. Kita rumaos kasinggung, kawelehaken, kawucal, kita sampun ngantos seriking manah. Nanging justru kita ngucap sokur awit Gusti Allah makarya ngagem pangandikanipun. Temtu kangge madhang, ngresiki manah lan gesang kita ingkang kebak dosa lan panerak tumuju gesang ing sajroning kayekten. Kados Timoteus 3:16 ngendikaaken: “Sakehing tulisan kang diwangsitken dening Gusti Allah iku pancen migunani kanggo memulang, kanggo melehake, kanggo mbangun wewatekan tuwin kanggo nggulawenthah ing sajroning kayekten!” I*SCYN



PANGIBADAH SEJATI

“Bangsa iki anggone ngluhurake Ingsun kanthi lambene, dene atine adoh karo Ingsun.” (Mateus 15:8)

Punapa kita taksih kemutan dhateng tembang dolanan anak-anak jaman rumiyin? Tembangipun: *“Dondong apa salak, duku cilik-cilik, andhong apa becak, mlaku thimik-thimik...”* Tembang ‘dondong apa salak’ punika ngemu filosofi utawi ngemu teges ingkang endah. Kados woh utawi buah dondong punika, jawinipun alus, sae nanging lebetipun kasar. Menawi buah salak, jawinipun kasar, landhep, nanging lebetipun alus, manis. Dene buah duku punika alus lan sae njaba-njero, jawi lan lebetipun. Wujud, tampilan njawi utawi fisik boten saged nemtokaken lebetipun. Tampilan fisik boten saged nemtokaken jatidhiri manungsa, nanging manah punika ingkang utama.

Gusti Yesus ngemutaken kanthi tandhes dhateng tiyang-tiyang Farisi lan para Ahli Toret. Tiyang-tiyang punika ingkang namung nengenaken tampilan fisik utawi lahiriah. Langkung ngurmati lan ngaosi adat-istiadat Yahuni katimbang ngibadah dhumateng Gusti. Pramila Mateus 5:18 ngendikakaken: *“Bangsa iki anggone ngluhurake Ingsun kanthi lambene, dene atine adoh karo Ingsun.”* Kenging punapa Gusti Yesus nyebat tiyang-tiyang punika munafik? Awit sregep mangibadah, sregep memuji Gusti, nanging ati lan manahipun tebih kaliyan Gusti. Pangibadahipun tanpa guna awit pangibadahipun sanes mbangun sesambetan ingkang ajrih asih dhumateng Allah. Nanging namung sacara ritual lan pranataning manungsa.

Kita sami katimbangan nindakaken pangibadah ingkang sejati, kanthi sakwetahing jiwa lan raga. Pangibadah ingkang boten namung lelamisan, boten namung nengenaken ritual lan pranataning manungsa. Nanging Pangibadah ingkang tulus murni, pangibadah ingkang lair batos lan namung kagem kaluhuran asmanipun Gusti. Satemah pangibadah-pangibadah kita dados keparenging Allah lan damel renaning Sang Yehuwah. Inggih punika Gusti Allah kita, Gustining sarwa tumitah ingkang pantes dipun sembah lan dipun bekteni. I*SCYN



SUGIH KATRESNAN

“Luwih gampang unta nalusup ing bolonganing dom katimbang karo wong sugih bisane lumebu ing Kratoning Allah.” (Markus 10:25)

Kagem ngregengaken suwasana ing Wulan Brayat punika, wonten satunggaling Greja ingkang nindakaken perlombaan-perlombaan. Kados ngawontenaken lomba vokal grup, lomba memasak, balap karung, lsp. Wonten setunggul perlombaan ingkang unik lan menarik kagem para sepuh utawi adiyuswa. Inggih punika lomba nlusupaken benang/bolah wonten bolonganing dom. Karana yuswa ingkang sampun sepuh, paningalipun kirang permana. Pramila ngantos dangu lan boten gampil peserta lomba ingkang saged nlusupaken benang wonten bolonganipun dom. Pramila panitia lan penonton sami gumujeng ger-geran awit saking lucunipun.

Dene *pintu* ingkang dipun sebat ‘lubang jarum’ dening bangsa Yahudi punika *pintu* ingkang bentukipun ciyut lan panjang. Lubang jarum utawi pintu punika mapan wonten ing tembok pembatas kota. Lan dipun ginakaken nalika pintu gerbang sampun tutup. Unta saged mlebet pintu punika menawi barang-barang ingkang kabekta kedhah dipun andhapaken. Saksampunipun barang-barang dipun andhapaken, unta dipun tarik supados saged mlebet pintu lubang jarum. Kita saged mbayangaken saestu angel lan sisahipun.

Nanging Gusti Yesus ngandika: *“Luwih gampang unta nalusup ing bolonganing dom katimbang karo wong sugih bisane lumebu ing Kratoning Allah.* Kados unta nalika barang-barang ingkang kabekta, ingkang tumempel ing badanipun, dipun culaken lan dipun andhapaken. Saestu beda kaliyan manungsa ingkang angel ngeculaken bandha lan kasugihan kagem dedana lan adum berkah dhateng tiyang ingkang mbetahaken. Bandha lan kasugihan saged dhateng pepalang tresna Gusti lan sesami. Nanging bandha lan kasugihan ugi saged dados sarana tresna dhateng Gusti lan sesami. Sami engeta, “amarga ing ngendi dununging bandhamu, iya ana ing kono dununging atimu.” I*SCYN

BANYU PANGURIPAN

“Amarga bakal diengen sarta diirid menyang tukung banyu kauripan dening Sang Cempe kang ana ing satengahing dhampar iku, lan Gusti Allah bakal ngusapi sakehe eluh ing mripate.” (Wahyu 7:17)

Kanthen boten kraos Bapak Soedarmo lan garwanipun netesaken waspa utawi eluh nalika nek seni wisuda Bayu, putranipun. Tumetesing eluhipun nelaken kabingahan ingkang boten saged kabendung malih. Linangkung malih Bayu putranipun nampi penghargaan minangka wisudawan terbaik. Bapak Soedarmo ingkang pakaryan padintenanipun among tani lan garwanipun dados bakul blanja ideran. Karana berkahipun Gusti, kekalihipun ngraosaken bilih sadaya kangelan lan perjuanganipun boten nglaha. Sadaya eluh ing paningalipun ginantosan samodraning kabingahan.

Ing pagesangan punika, saben kulawarga tamtu kagungan prekawis, kasisahan lan tangisipun piyambak-piyambak. Sae prekawis ekonomi, sakit-penyakit, pedamelan, dipuntilar tiyang ingkang dipuntresnani, lan sanesipun. Wonten ing lelampahan gesang ingkang kebak rekaos, ngadhepi mangsa-mangsa ingkang angel ngantos netesaken eluh. Sayektoyipun ing mriku kita ngalami pepanggihan-pepanggihan kaliyan Gusti Allah.

Yokanan ingkang dipun pitados nyerat kitab Wahyu punika, ugi ngalami pepanggihan kaliyan Gusti Allah. Pepanggihan kaliyan Gusti Allah lumantar tetinggalan ingkang gambaraken kawontenan ing wekasaning jaman lan swarga. Bilih golongan ingkang kathah cacahipun lan sakehing bangsa sami kawilujengaken, awit pitados kaliyan Gusti Yesus Kristus. Wahyu 7:17: “Amarga bakal diengen sarta diirid menyang tukung banyu kauripan dening Sang Cempe kang ana ing satengahing dhampar iku, lan Gusti Allah bakal ngusapi sakehe eluh ing mripate.” Ing satengahing prekawising gesang, sumangga kita tansah sami berjuang ngudi pepanggihan kaliyan Sang Cempenipun Allah. Tansaha setya bilih Sang Cempenipun Allah badhe ngusapi sadaya eluh kita kanthen toyaning gesang. I*SCYN

NGANDELAKEN GUSTI

“Dhuh Yehuwah, Paduka mugè karsa paring sumerep bab ngajal kawula, punapadene bab watesing umur kawula, supados kawula mangretos bilih kawula punika boten langgeng” (Jabur 39:5)

“Panjang umurnya... panjang umurnya.....Panjang umurnya, serta mulia... serta mulia, serta mulia...” Punika saperangan lirik lagu ingkang asring dipuntembangaken nalika acara ulang tahun. Lagu punika ugi minangka pandonga kagem ingkang nembe ngriyayaaken ulang tahun, supados panjang yuswa lan mulya gesangipun. Kaos-kados kita dereng nate mireng, nalika wonten tiyang ing dinten ulang-tahunipun ndedonga supados Gusti paring sumerep kapan piyambakipun badhe ngajal utawi tilar donya.

Punapa Sang Prabu Dawud boten ndedonga kados mekaten? Ketingalipun Sang Prabu Dawud nembe ngalami pameteking gesang lan kasangsaran. Amargi Sang Prabu Dawud nembe kaserang dening mengsahipun. Ananging pandonganipun Sang Prabu Dawud boten supados panjenenganipun enggal-enggal pejah. Manawi kita maos Jabur 39 kanthi taliti, sayektosipun Dawud kepingin supados Gusti Allah ngemutaken saiba winates lan ringkihipun manungsa punika. Pandonganipun Dawud sanes pandonga ingkang pesimis, nanging ngenggalaken tekading manah anggenipun ngandelaken Gusti.

Punapa kita nembe ngadhèpi praharaning gesang? Punapa kita saestu kapetek kasiksa, satemah boten gadhah daya? Punapa ombyaking donya asring ndadosaken lelayaran gesang kita kaobat-abitaken? Punapa gesang kita kados baita ingkang tanpa jangkar. Menawi mekaten, punika wegdalipun kita wangsul malih dhateng Gusti Sang Jurumudi kita. Kanthi nglenggana bilih kita punika ringkih, winates lan kecalan daya. Satemah kita kamangertosaken bilih gesang manungsa punika boten langgeng. Mila tansaha sumendhe lan kebak pangajeng-ajeng dhateng Panjenenganipun. Satemah lelayaran gesang kita tansah wilujeng lan kebak tetrem rahayu. I*SCYN



KADHIWASAN

“Nanging roh kang ana ing manungsa lan napase Kang Mahakwasa, iku kang paring pangreten.” (Ayub 32:8)

Rikala lare-lare taksih alit, sadaya sami nuruti ingkang tiyang sepuh aturaken lan dhawuhaken. Nanging wegдал samangke, kadospundi nalika lare-lare sampun ngancik dhiwasa? Tamtu gantosan tiyang sepuh ingkang kedah sinau kaliyan lare-lare, karana para lare ingkang sangsaya pinter lan pengalaman. Malah ugi ing sawetawis wewengan, anak-anak saged atur pepemut dhateng tiyang sepuh manawi punika klentu utawi lepat. Mila leres unen-unen “Kebo nusu gudel” punika saged kalampahan ing wegдал samangke.

Punapa ingkang dipun lampahi anak-anak punika boten tebih kaliyan ingkang dipuntindakaken dening Elihu. Nalika Elihu ngemutaken Ayub ingkang nganggep dhirinipun langkung leres tinimbang Gusti Allah. Elihu ugi boten nampi rikala sakabatipun tiga tansah nglepataken Ayub. Minangka tiyang ingkang langkung anem, sakawit Elihu taksih wigah-wigih nelakaken pemanggihipun. Awit Elihu rumaos lingsem lan ajrih. Nanging roh kang ana ing manugsa lan napase Kang Mahakwasa iku paring pangreten dhateng Elihu (Ayub 32:8). Pramila Elihu ngemutaken Ayub lan tiga sakabatipun.

Dados tiyang ingkang yuswanipun sampun adi utawi sepuh, asring dipundadosaken panutan lan patuladhan dening kadang taruna. Temtu generasi penerus mbetahaken tiyang sepuh ingkang saged mirsani lan mangertosi kabetahan jaman samangke. Kanthi mekaten para tiyang sepuh prelu tinarbuka bab wawasan lan pangertosan. Bilih saking kadang taruna ugi saged memucal kathah prekawis dhateng tiyang sepuh. Awit kawicaksanan saking Gusti ingkang nemtokaken kadiwasaning manungsa. Minangka putranipun Gusti, kita katimbangan dados pirantosipun kangge ngudari prekawising gesang. Kita prelu adedhasar pangandikanipun Gusti minangka sumbering kawicaksanan ingkang utami. I*SCYN



KEBAK ING PANGAJENG-AJENG

“Muga-muga Gusti Allah, etuking pangarep-arep maringana ganjaran marang kowe kabeh saguning kabungahan sarta tentrem rahayu ing sajroning pracayamu” (Rum 15:13a)

Ing sangandhapipun lampu taman kota, wonten Bapak ibu ingkang ing wanci sonten nembe bikak daganganipun. Bapak ibu punika tawa gelas, sendok, piring, wajan, soblok, stoples, lan perabot-perabot rumah tangga sanesipun. Dagangan punika dipuntawekaken dhateng tiyang-tiyang ingkang langkung ing taman kota punika. Ing satengahing tawa perabot-perabot punika, wonten tiyang ingkang pitaken: “Pak, Bu, kok boten sadayan wonten peken kemawon ta? Wonten mriki napa nggih pajeng dagangan panjenengan!” Nampi pitakenan mekaten, Bapak, Ibu wau atur wangsulana: “Oalah Mas..... kula niki namung saderma usaha, rejeki sampun wonten ingkang nata lan mberkahi piyambak. Menawi anggen kita usaha kanthi saestu-estu, Gusti temtu badhe mberkahi”.

Boten sakedhik tiyang ingkang gampang nglokro lan semplah nalika ngadhepi samukawis prekawis ing gesang punika. Awit boten nggadahi pangajeng-ajeng lan kirang ing piandel. Kosokwangsulipun kathah tiyang ingkang mukti utawi sukses lan binerkahan gesangipun inggih awit gesang kebak ing pitados, pambudidaya lan pangajeng-ajeng. Awit sampun kathah bukti badhe nuwuhaken kamukten lan berkah ing gesang punika.

Kita sampun nggadahi sumbering pangajeng-ajeng ingkang sejatos inggih punika Gusti Allah. Ingkang boten ndadosaken gesang kita kuciwa. Kados pangandikanipun, *“Muga-muga Gusti Allah, etuking pangarep-arep maringana ganjaran marang kowe kabeh saguning kabungahan sarta tentrem rahayu ing sajroning pracayamu”*. Panjenenganipun boten nate mblenjani janji nanging tansah setya ing prasetyanipun, ngganjar sadaya kangelan lan pambudidaya kita. Jer kita tansah estu-estu gesang kebak ing pitados, pambudidaya lan pangajeng-ajeng. I*SCYN

NGUNGUN GUNGING KAMULYANTA

“Saestu kathah sanget yeyasan Paduka punika, dhuh Yehuwah, sadaya wau sami Paduka titahaken klayan kawicaksanan; saindhenging bumi kebak ing titah Paduka.” (Jabur 104:24)

Wonten ing satunggaling pakempalan brayat, wonten satunggaling anggotaning kulawarga ingkang nyuwun kekidungan KPJ 71 saged kakidungaken. Punika ingkang dados kidung klangenanipun. Wondene kidung punika endah ijemanipun:

“Duk nyipati gung pakaryaning Gusti, lintang abyor ing dalu kang sepi, Wah gumleger ing gludhug ing akasa, kula ngungun gunging kamulyanta, Nyawa kula gya sumyak sung puja, yekti Allah mahakwasa, Nyawa kula gya sumyak sung puja, yekti Allah mahakwasa.”

Saksampunipun sami ngrepekaken kidung punika, wonten ingkang olah paseksi. Bilih sadaya pakaryan lan yeyasanipun Gusti punika saestu endah sanget. Pramila namung Gusti Allah ingkang pantes kita puji lan kita egung-egungaken, sadaya kamulyan namung kagem panjenenganipun.

Kawontenan ingkang elok kados mekaten punika temtunipun ingkang dipunsiyati dening Juru Mazmur ing waosan kita dinten punika. Kawastanan elok sanget pakaryanipun Gusti, awit Gusti namung piyambakan anggenipun nitahaken. Kados yeyasan jagad raya ingkang ageng punika, malah sak-isinipun sadaya. Juru Mazmur katingal rumaos ngungun lan bingah sanget awit sadaya yeyasanipun Gusti ingkang kathah lan endah. Pramila Juru Mazmur kabereg lan kepingin sanget nyariosaken pakaryanipun Sang Yehuwah punika. Sarta kanthi bingah netepi angger-anggeripun Allah.

Saben dinten kita nyipati pakaryanipun Gusti Allah ingkang elok lan endah, wonten ing ngare, parden lan ing pundi kemawon. Ampun namung kita ningali karisakan-karisakan ing bumi punika! Nanging sumangga eloking pakaryanipun Gusti Allah punika kita cariyosaken dhateng putra wayah kita. Supados sedayanipun sami ngungun gunging kamulyanipun. Lan sami gesang mbangun turut dhateng rehing Gusti Allah ingkang Mahakwasa. I*SCYN



KEKIDUNGAN KONJUK GUSTI

“Sajegku urip aku arep ngidung kagem Sang Yehuwah, salawase aku ana, aku arep ngidung mazmur, konjuk marang Gusti Allahku.” (Jabur 104:33)

“Kula punika isin manawi ngisi pujian wonten pangibadah ing greja, amargi suwanten kula boten sae...”. Punika aturipun salah satunggaling pemuda, nalika pemuda greja kaaturan ngisi wonten ing pangibadah Minggu. Temtu memuji Gusti boten namung kagem tiyang Kristen ingkang suwantenipun sae, sampun rekaman, kagungan album utawi sampun nate ambyur ing peladosan minangka pemimpin ibadah utawi penyanyi. Memuji, ngonjukaken pepujian kagem Gusti, nggunggung asmanipun punika minangka perangan pangibadah tiyang pitados. Inggang kedah katindakaken dening sinten kemawon, tanpa winates ing umur utawi yuswa, sae para lare, kaneman, diwasa menapa kasepuhan.

Awit saking punika saben tiyang pitados supados memuji-muji Gusti kanthi gumolonging manah. Juru Mazmur ngendikaaken, “Kabeh kang ambekan kareben padha saosa puji marang Pangeran Yehuwah!” Gusti boten mirsani sae menapa botenipun suwanten kita, nanging Gusti mirsani adrenging manah ingkang estu-estu memuji Gusti. Wonten Prajanjian Lami, sagunging umat tansah ngonjukaken mazmur kagem Gusti wonten ing kekidungan. Kitab Mazmur punika minangka buku kekidungan kagem bangsa Israel.

Sang Prabu Dawud punika satunggaling abdinipun Gusti ingkang saestu pirsu kadospundi wigatosipun kekidungan kagem Gusti. Awit wonten ing kekidungan konjuk Gusti wonten kuwasa, daya kekiyatan ingkang ngedab-edapi. Pramila Sang Prabu Dawud kanti keyakinan, *“Sajegku urip aku arep ngidung kagem Sang Yehuwah, salawase aku ana, aku arep ngidung mazmur, konjuk marang Gusti Allahku.” (Jabur 104:33)*. Punapa kita memuji Gusti taksih ngraosaken wegah? Utawi dereng kanthi gumolonging manah? Sumangga ing sauruting gesang kita, tansaha dados kidung kagem kaluhuran lan kamulyan asmanipun Gusti. I*SCYN



BRAYAT INKGANG LADOS-LINADOSAN

“Amarga Putraning Manungsa iku rawuhe supaya ora diladeni, nanging sumedya ngladosi lan masarahake nyawane minangka panebuse wong akeh.” (Markus 10:45)

Ing sakwijining dinten ibu guru ndangu dhateng para muridipun mekaten, “Anak-anak besuk gedhe cita-citamu pengen dadi apa?” Sadaya murid sami mangsuli pitakenan Gurunipun kanthi antusias. Wonten ingkang cita-citanipun dados Dokter, Pilot, Tentara, Polisi, Guru lan sanes-sanesipun. Nanging wonten satunggaling lare ingkang namung mendel kemawon, mila dipundangu gurunipun, “Hayu, kok meneng wae, besuk gedhe cita-citamu dadi apa? Kaliyan gemeter, Hayu mangsuli, “Pengen dados handphone utawi gadget Bu Guru, sebab kados handphone utawi gadget dipungatosaken, dipunsayang-sayang, dipunajak dolanan kaliyan Bapak Ibu”.

Era digital asring ndadosaken tiyang nglirowakaken tiyang-tiyang ing sakiwatengenipun, mirungganipun kulawarga. Malah langkung milih nggatosaken, ngladosi menapa ingkang wonten ing dunia maya. Gusti Yesus dados patuladhan ingkang sejati bab ngladosi, kados pangandikanipun, *“Amarga Putraning Manungsa iku rawuhe supaya ora diladeni, nanging sumedya ngladosi lan masarahake nyawane minangka panebuse wong akeh.” (Markus 10:45)*

Ing satengahing kulawarga, Bapak, Ibu, saged dados patuladhan ingkang sae dhateng para putra bab ngladosi. Satemah saged dados pamucal lan pambereg tumrap para putra supados sami ngladosi ing satengahing kulawarga. Kulawarga saged sinau supados sami ngutamekaken, nggatosaken, ngladosi kaliyan anggota kulawarga sanesipun. Sumangga gesang lados-linadosan kita wiwiti saking kulawarga-kulawarga kita rumiyin. Satemah kulawarga kita ugi saged dados kulawarga ingkang ngladosi ing satengahing pasamuwan lan masyarakat. Punapa kulawarga kita sampun gesang sami ing lados-linadosan? !*SCYN



AJA PINDHAH-PINDHAH!

“Nanging kang padha murtad maneh, iku ora bisa dianyarake sepisan engkas, satemah padha mratobat, amarga prasasat nyalib Putrane Allah maneh kanggo awake dhewe, sarta ngremehake Panjenengane ing ngarepe wong akeh.”

(Ibrani 6:6)

“Aja dipindhah-pindhah kembang, mengko ndak malah mati!”, punika atur semah kula, nalika kula mindhah-mindhah sekar ing media ingkang beda-beda. Sakawit sekar mawar kula tanem wonten polibek, lajeng sadinten kula pindhah wonten pot, sadinten malih kula pindhah wonten pasiten. Cobi kadospundi menawi panjenengan nanem sekar utawi taneman dipun pindhah-pindhah kemawon, punapa saged tuwuh lan gesang kanthi sae? Punika ateges bilih taneman boten saged tuwuh kanthi sae menawi anggenipun nanem dipun pindhah-pindhah panggenanipun.

Prekawis ingkang sami ing babagan iman lan kapitadosan. Menawi tiyang sampun pitados lan gesang wonten ing Sang Kristus, nanging pindhah ing kapitadosan sanes utawi murtad. Temtu boten saged badhe ngoyod, tuwuh lan ngedalaken woh ingkang sae. Kapara Ibrani 6:6 ngendikaaken, *“Nanging kang padha murtad maneh, iku ora bisa dianyarake sepisan engkas, satemah padha mratobat, amarga prasasat nyalib Putrane Allah maneh kanggo awake dhewe, sarta ngremehake Panjenengane ing ngarepe wong akeh.”*

Pancen kawontenan kadonyan ingkang nengsemaken, karibedaning gesang, piwulang-piwulang ing donya punika, saged mblithuk tiyang pitados supe lan nilar Gustinipun.

Sanadyan sengseming donya lan nikmat ing donya godha ati kita. Sanadyan prekawis lan karibedaning gesang tansah anempuh gesang kita. Sanadyan kathah piwulang-piwulang ingkang mblithuk iman kapitadosan kita. Punapa kita badhe kagodha lan nilar Gusti Kita? Boten. Tekad kita tetep tresna lan setya dhumateng Sang Kristus, Gusti kita. Kanthi mekaten iman kapitadosan kita tansah ngoyod, tuwuh ngrembaka lan ngedalaken woh. I*SCYN



AJA GUMUNGGUNG!

“Ingsun ngandika marang para wong gumungung: Sira aja gumungung: Sarta marang para wong duraka: Sira aja masang sungu!” (Jabur 75:5)

Sampun dados salah satunggaling watakipun manungsa inggih punika raos gumungung ing gesangipun. Cobi kita gatosaken wonten tiyang ingkang wicanten mekaten, “Acara Bulan Keluarga bisa sukses marga saka aku sing ngupaya dana lan sponsor, gawe konsep acara, sing nganakake kaos seragam, ijin lan liya-liyane, mula yen acara Bulan Keluarga bisa lancar lan sukses iku mau amarga aku..” Tembung mekaten nedahaken tiyang gumungung amargi rumaos saged damel sukses acara Bulan Keluarga. Piyambakipun kesupen bilih acara punika saged lancar lan sukses amargi panguwaos, panganthi lan berkahipun Gusti lumantar panyengkuyung sadaya warga pasamuwan lan sadaya pihak.

Juru Mazmur anggitané Asaf nelakaken bilih pakaryanipun Gusti Allah ingkang ngedab-edabi. Lan saguning kamulyan pinangkanipun namung saking Gusti Allah ingkang jumeneng Hakim Kang Adil. Pramila Jabur 75:5 ngendikaaken, *“Ingsun ngandika marang para wong gumungung: “Sira aja gumungung: Sarta marang para wong duraka: “Sira aja masang sungu!”* Saking Mazmur punika, kita mangertosi bilih Gusti Allah boten rena dhateng tiyang ingkang gumungung. Lajeng punapa ingkang kedah kita lampahi supados gesang kita karenan ing ngarsanipun Gusti Allah?

Kita kedah nggadhahi sikep andhap asor. Kita rumaos bilih kakiyatan, kasagedan lan kasugihan punika berkah lan sihrahmatipun peparangipun Gusti Allah. Menawi kita saged nindakaken pakaryan ingkang migunani kangge pasamuwan lan sesami, punika kagem kaluhuran asmanipun Gusti Allah. Gusti Allah nitahaken manungsa punika kanti kaluwihan lan kakiranganipun piyambak-piyambak. Pramila boten kepareng kita gumungung, kita kedah sami ngormati lan ngaosi sesami kita agesang. Satemah kita saged mbangun pasedherekan lan lan kasaenan ing madyaning gesag bebrayan. I*SCYN



WISUH-WINISUHAN

“Dadi manawa Aku iki kang dadi Gusti lan Gurumu wus ngwisuhi sikilmu, dadi kowe iya kuwajiban wisuh-winisuhan sikil.” (Yokanan 13:14).

Wonten tradisi utawi kabudayan Yahudi ingkang unik lan benten kaliyan tradisi utawi kabudayan sanesipun. Inggih punika “ngwijiki suku”. Mirungganipun, dhateng para tamu istimewa nalika wonten ing acara pahargyan utawi kagungan damel. Sinten ta ingkang badhe ngwijiki sukunipun para tamu? Punika sanes ingkang kagungan dalem, sanes sanak kadhang utawi tanggi tepalih ingkang kapatah, nanging ingkang ngwijiki sukunipun para tamu punika batur tukon (budhak) ingkang kagungan dalem.

Nanging Gusti Yesus paring patuladhan ingkang boten limrah, bebencengan kaliyan tradisi utawi kabudayan Yahudi Kalawau. Limrahipun Guru ingkang dipun ladosi dening para sakabat-sakabatipun. Ing mriki Gusti Yesus mapanaken dhirinipun pindha abdi ingkang ngladosi para tamunipun. Gusti Yesus ingkang minangka Guru, karsa lenggah nglempreg wonten ing sangajenging para sakabat lajeng ngwijiki sukunipun para sakabat minangka tamu ingkang istimewa. Saksampunipun rampung ngwijiki sukunipun para sakabat, Gusti paring dhawuh dhateng para sakabat, *“Dadi manawa Aku iki kang dadi Gusti lan Gurumu wus ngwisuhi sikilmu, dadi kowe iya padha kuwajiban wisuh-winisuhan sikil.”* (Yokanan 13:14).

Gesangipun Gusti Yesus sampun paring patuladhan punapa ingkang kedah dipunlampahi para umatipun. Supados sami gesang lados-linadosan ing satengahing brayat, pasamuwan lan masyarakat. Lan kesanggeman dhiri minangka pelados lan mapanaken tiyang sanes langkung utami. Kalebet tiyang-tiyang ingkang satata sosial kalenggahanipun ing sangandhap kita. Kanthi patrap gesang ingkang sami ngesoraken dhiri. Temtu kita sami kasagedaken gesang sami lados-linadosan lan wisuh-winisuhan. I*SCYN

MARA SESAMBATA!

“Wong kang katindhes iki sesambat, nuli dipyarsakake dening Sang Yehuwah; sarta diluwari saka ing sakehe rerubede.” (Jabur 34:7).

Anak kula ingkang taksih alit manawi dipunkengken utawi dipundukani, krana boten purun maem, boten purun adus, boten purun bobok, utawi amargi nakal, saged langsung pijer nangis. Mbok manawi ing batosipun saweg sedhah, sisah lan kuciwa. Kula ngraosaken trenyuh, mesakaken, mila lajeng kula ajak tumbas jajan utawi dolanan dhateng toko, piyambakipun remen lan bingah sanget, dadosaken praupanipun sumringah. Lega! Mbok menawi lajeng mbathin, “Bapakku kok apikan tur gemati temen, numbasake jajan karo dolanan”. Ing batosipun saweg mili toya kabingahan awit ngraosaken saestu ageng katresnan lan kasaenan tiyang sepuhipun.

Mazmur punika kaserat boten nalika Dawud sampun dados Raja Israel. Boten ugi nalika Dawud wonten ing kawontenan ingkang sae, ayem lan mbingahaken. Nanging nalika Dawud mlajar saking Saul ingkang ngoyak-oyak badhe mejahi panjenenganipun. Dawud estu-estu wonten ing kawontenan ingkang katindhes. Nanging Dawud tansah mandeng lan tansah sesambat dhateng Pangeran Yehuwah. Dawud tansah pitados bilih Gusti ingkang dipunsembah lan dipunpuji boten nate ewah gingsir. Pangeran Yehuwah tansah myarsakaken sesambatipun. Pramila kanti kebak ing pitados ngendika, *“Wong kang katindhes iki sesambat, nuli dipyarsakake dening Sang Yehuwah; sarta diluwari saka ing sakehe rerubede.”*

Nalika kita sesambat ing sajroning karibedan, Pangeran Yehuwah temtu badhe myarsakaaken sadaya pasambat kita. Kita saged mangertos bilih prasetyanipun Gusti **ya (ingih)** lan **amin**. Satemah kita saged ngadeg jejeg sanadyan ngadhepi karibedaning gesang. Awit saking punika sampun ngantos kita ningali sapinten agengipun karibedan kita. Nanging sageda kita mandeng lan ngraosaken saestu ageng kasaenanipun Pangeran Yehuwah. Panjenenganipun badhe ngluwari sadaya karibedan kita. I*SCYN



POKOKE JANJI

“Mangkono uga Gusti Yesus wus dadi tetanggeling prajanjian kang luwih kuwat.” (Ibrani 7:22).

“Mas, punika wonten garansi setunggal taun, manawi ing setunggal taun kok mati saged dipun gantos malih. Pokoke janji lan jaminan Mas!” Punika atur karyawan toko, nalika kula tumbas lampu ing satunggaling toko. Temtu kita rumaos ayem, menawi tumbas barang kadostene lampu, HP, tivi, kulkas lan barang-barang sanesipun, wonten garansinipun. Malah langkung remen malih menawi garansi dipunlintu barang menawi boten cocok kaliyan angen-angen kita. Pramila boten aneh menawi prekawis prajanjian utawi jaminan kepercayaan (Kredibilitas) punika saestu penting.

Gesang karohanen ugi mekaten. Kita ingkang sampun pitados lan ndherek Gusti Yesus temtu ngraosaken ayem tentrem. Awit kita punika sampun dipuntanggél Sang Kristus sae wonten ing donya dalah wonten ing swarga. Pramila Ibrani 7:22 ngendikaaken, *“Mangkono uga Gusti Yesus wus dadi tetanggeling prajanjian kang luwih kuwat.”* Panjenenganipun jumeneng dados Imam ingkang langkung luhur ing salami-laminipun. Kaimamanipun boten saged dhateng sinten kemawon. Linangkung Gusti Yesus dados Pantara ingkang mitulungi rahayu kalawan sampurna dhateng kita.

Prasetyanipun Gusti punika ngiyataken gesang kita ing sakpunika lan ugi saklajengipun. Wonten ingkang prajanja lan njamin kawilujengan kita, satemah kita kapitulungan rahayu. Punika ingkang ndadosaken raos was-sumelanging gesang kita saged ical lan sirna. Sadaya ingkang wonten ing jagad punika kawontenanipun saged nglaha lan boten langgeng. Nanging iman kapitadosan kita ndherek Gusti boten badhe nglaha. Awit kita tiyang ingkang kebak dosa, sampun dipunwilujengakan lan dipuntanggél dening Gusti Yesus Sang Tetanggeling Prajanjian. Pramila kita kedah sansaya manteb anggen kita pitados lan ndherek Gusti Yesus! Sugeng dados umatipun Gusti ingkang kapitulungan rahayu! I*SCYN



SOWANA LAN NYENYUWUNA!

“Gusti Yesus numpangake astane maneh ing mripate wong mau temahan bisa ndeleng temenan lan wis waras, wis bisa ndeleng apa-apa kanthi cetha.” (Markus 8:25).

Nate wonten satunggaling warga Adiyuswa, kalayan mesem ngendika, “Kula niku menawi maos Kitab Suci, nanging boten mbekta kacatingal punika boten cetha. Punika saestu limrah, awit yuswa ingkang sampun sepuh lan seratan Kitab Suci ingkang alit. Punika ingkang ndadosaken paningalipun boten saged mirsani kanthi cetha lan permana. Menapa malih menawi tiyang ingkang wuta, temtu boten saged mirsani menapa-menapa. Rahayunipun, wonten ugi operasi mata, cangkok mata lan ugi huruf braille, ingkang saged mbiyantu tiyang ingkang wuta utawi cacat netra saged maos utawi mirsani.

Cariyos Gusti Yesus nyarasaken tiyang wuta wonten ing Betsaida, punika kalampahan kanthi proses. Nalika tiyang wuta punika sowan dhateng Gusti Yesus supados dipunlekaken utawi dipunsarasaken. Gusti Yesus boten langsung nyarasaken. Gusti Yesus lajeng ngasta astanipun, dipuntuntun ing sakjawinipun dusion, lajeng dipunkecohi paningalipun lan dipuntumpangi asta. Saksampunipun Gusti Yesus nindakaken punika, tiyang wuta dereng saged ningali kanthi sampurna, taksih samar-samar. Nanging saksampunipun Gusti Yesus numpangaken asta ingkang kaping kalhipun. Tiyang wuta punika saged ningali kanthi cetha.

Cariyos punika ngengetaken dhateng kita sadaya. Ingkang sepisan, bilih Gusti Yesus boten badhe mendel lan negakaken sinten kemawon. Inggih punika dhateng tiyang ingkang sowan, sesambat lan nyenyuwun dhumateng Panjenenganipun. Ingkang kaping kalih, sadaya prekawis punika mbetahakan wekdal lan proses. Awit saking punika, nalika ngadhepi prekawis, reribed lan petenging gesang. Sumangga kita sowan lan nyenyuwun dhumateng Gusti Yesus. Nanging kita kedah sabar, menawi panyuwunan kita dereng dipunparingaken lan dipun kabulaken. I*SCYN

PANGANDELMU KANG MITULUNGI KOWE

"Gusti Yesus banjur ngandika: "Wis, mundura, pangandemu kang mitulungi kowe!" Padha saknalika wong picak mau bisa ndeleng, banjur ndherekake tindake Gusti Yesus." (Markus 10:52)

Kajawi visi lan misi, saben griya sakit tamtu nggadhadi motto ingkang sae lan endah. Kadosta griya sakit-griya sakit Kristen ingkang kagungan motto piyambak-piyambak. Kanthi motto punika ancaspun sansaya ningkataken mutu pelayanan lan nambahi semangat para pasien lan pengunjung. Kados motto RSK Bethesda Yogyakarta: *"Tolong dulu urusan belakang"*, motto RSK Ngesti Waluyo Parakan: *"Kasih adalah dasar pelayanan kami"*. Lan wonten ing RSK Mojowarno, Jawa Timur, mottonipun: *"Pangandemu Kang Mitulungi Kowe"*. Sacara mirunggan motto saking RSK Mojowarno punika, nelakaaken bilih sadaya peladosan RSK Mojowarno namung sarana ingkang dipunagem Gusti. Temtu lumantar iman utawi pangandel tiyang-tiyang ingkang pitados dhumateng Gusti Yesus minangka Sumbering Kasarasan.

Kitab Injil Markus ugi nyariosaken pangrengkuhipun Gusti Yesus dhateng manungsa ingkang ringkih lan kasingkiraken. Panjenenganipun nimbali lan nampi Bartimeus, ingkang kasebat wuta lan saben dintenipun ndeprook pepriman (mengemis) ing pinggir margi. Gusti Yesus saestu pirsu dhateng kapitadosanipun Bartimeus, mila lejang ngandika, *"Wis, mundura, pangandemu kang mitulungi kowe!"* (Markus 10:52). Bartimeus binerkahan kasarasan dening Gusti satemah saged ningali. Pitulunganipun Gusti punika dipuntanggapi Bartimeus kanthi ndherekaken tindakipun Gusti Yesus.

Ing sakiwatengen kita taksih kathah tiyang-tiyang ingkang ringkih, sekeng, ingkang mbetahaken pitulungan kita. Kadosdene Gusti ingkang ngrengkuh karingkahan kita. Sumangga kita ugi ngrengkuh karingkahaning brayat lan sesami. Pangrengkuh ingkang saged mulihaken brayat lan sesami saking karingkahan kajasmanen lan karingkahan karohanen. Satemah kita sadaya saged ningali pakaryan lan pitulunganipun Gusti ingkang endah. I*SCYN



WATU URIP

“Sarta kowe dhewe iya padha dikaya watu urip, kang dianggo mbangun padaleman kasukman minangka kaimaman kang suci, kang nyaosake pisungsung kasukman kang katrimah ing Allah marga dening Gusti Yesus Kristus .”
(1 Petrus 2:5).

Sela kangge saperangan tiyang mbok manawi boten aji lan boten wonten ginanipun. Mila lajeng dipunbucal kemawon, punapa malih boten dipunsimpen wonten ing griya. Nanging sinten ingkang nginten, menawi sela ugi saged ngewahi pagesangan manungsa. Kados tahun-tahun kapengker, masyarakat dipungegeraken wontenipun “watu akik”. Watu akik ingkang nggadahi warni ingkang endah, dipunbetahaken proses ingkang panjang saking prengkelan sela ingkang ageng. Boten namung kaendahanipun, sela ugi dados perangan ingkang pokok lan utami minangka tetales lan pondasi bangunan utawi griya ingkang kiyat lan bakuh. Sela menawi wonten ing tiyang ingkang pas lan ahlinipun, temtu dados barang ingkang aji lan endah.

Mbok manawi ing antawis kita nganggep menawi dhiri kita asor lan boten aji. Lan nganggep dhiri kita kados sela-sela ingkang boten migunani. Kita saged matur lan ngraosaken mekaten, amargi kita dereng pepanggihan lan sesambetan kaliyan Gusti sacara pribadi. Wonten paningalipun Gusti, panjenganipun nganggep kita saestu beda. Kita punika saestu aji lan endah wonten ngarsaning Gusti.

Mila saking punika Gusti nimbali kita mekaten, *“Sarta kowe dhewe iya padha dikaya watu urip, kang dianggo mbangun padaleman kasukman minangka kaimaman kang suci, kang nyaosake pisungsung kasukman kang katrimah ing Allah marga dening Gusti Yesus Kristus .”* (1 Petrus 2:5). Inggang dipunbetahaken tumrap kita inggih punika tansah “sumadya” mingsungsungaken dhiri, lestari tuwuh lan purun dipunwangun dening Gusti Sang Tetalesing Pasamuwan. Satemah kita dados “Watu Urip” ingkang aji lan migunani tumrap Gusti lan sesami. I*SCYN

PADHA TANGIA!

"Iku dipangandikani dening Rasul Petrus; "Eneas, Gusti Yesus wus nyarasake kowe; tangia lan paturonmu tatanen!" Sanalika iku uga wong mau banjur tangi."

(Lelakone Para Rasul 9:34)

Nalika nindakaken patuwen lan sowan dhateng salah satunggaling warga, wonten ing manah kawula saestu iba lan trenyuh. Kenging punapa? Sedherek ingkang dipun sowani lan dipun tuweni punika warga kasepuhan ingkang ngalami sakit lumpuh. Piyambakipun sakit lumpuh sampun sakwetawis dangu lan namung saged sumare ing papan patileman. Langkung trenyuh malih nalika piyambakipun ngendika: "Pak, kula punika boten saged punapa-punapa, namung dados beban kulawarga lan tiyang sanes..." Piyambakipun rumaos glokro lan semplah awit sadaya panandhangipun.

Mekaten ugi nalika Rasul Petrus wonten ing kutha Lida mrangguli tiyang ingkang asmanipun Eneas. Eneas sampun wolung tahun anggenipun ngglunthung wonten ing patileman amargi lumpuh. Rasul Petrus ngendika: "*Eneas, Gusti Yesus wus nyarasake kowe; tangia lan paturonmu tatanen!*" Sanalika iku uga wong mau banjur tangi." Lelakone Para Rasul nandesaken bilih sanes Rasul Petrus ingkang nyarasaken. Nanging Gusti Yesus piyambak ingkang dados sumbering kasarasan Eneas. Mila kasarasan Eneas saking lumpuhipun, dadosaken sadaya *penduduk* Lida lan Saron ingkang sami ningali, lajeng sowan lan pitados dhumateng Gusti Yesus Kristus.

Nalika kita lumpuh lan boten kagungan daya sacara fisik, kita pitados Gusti Yesus badhe mitulungi lan mulihaken. Nanging nalika kita lumpuh, boten kagungan daya sacara mental, moral, sosial lan karohanen. Kita ugi mitadosaken gesang kita dhateng Gusti Yesus Kristus, ingkang ndadosaken kita gumregah tangi lan gadhah daya. Satemah kita saged produktif lan nindakaken prekawis ingkang ndhatengaken berkah tumrap pagesangan. Sampun ngantos nglokro lan semplah awit kalumpuhan lan kecalan daya, nanging nyenyuwuna lan ngantu-antu sih pitulunganipun Gusti. I*SCYN



Sang Yehuwah Kakuwatan lan Tetamengku

“Sang Yehuwah iku kakuwatanku lan tetamengku, atiku kumandel marang Panjenengane, aku wus kapitulungan, mulane atiku bungah-bungah sarta aku ngunjukake panuwun marang Panjenengane kalawan kekidungan.”

(Mazmur 28:7)

Sampun nate kedadosan ing satunggaling jalan raya utawi margi ageng ingkang rame sanget. Wonten lare SD ingkang nyebrang ing margi punika tanpa tolah-toleh ngiwa utawi manengen. Dumadakan wonten mobil ingkang banter lajunipun dhateng arah lare punika. Ndilalah, ing mriku wonten satunggaling bapak ingkang nyumurupi kedadosan punika. Bapak punika njerit kanthi sora sanget: “Awas!!!”, lajeng mlajar, nyaut, mbopong lan nulungi lare punika. Rahayunipun, lare punika wilujeng, uwal saking kacilakan lan bebaya. Mila lare punika ngaturaken panuwun dhateng bapak kalawau ingkang sampun paring pitulungan.

Wonten ing kitab Mazmur, Dawud ngakeni bilih Sang Yehuwah punika minangka kakuwatan, tetameng, lan tukung pitulungan. Tigang prekawis punika ingkang ndadosaken gesangipun Dawud kebak ing kabingahan. Awit Dawud ngraosaken lelampahan gesangipun ingkang boten gampil. Dawud ngadhepi bebaya saking bangsa-bangsa sanes ingkang mengsahi bangsa Israel ingkang dipunpimpin. Tanpa kakuwatan, tetameng lan pitulungan saking Sang Yehuwah, mokal Dawud saged ngadhepi sadaya punika. Pramila Dawud tansah bingah-bingah lan ngunjukaken panuwun dhumateng Gusti.

Kasunyatanipun gesang, bilih kita punika minangka manungsa ingkang ringkih lan winates. Nanging kita saestu begja, kita gadhah Gusti ingkang tansah dados kakiyatan, tetameng lan pitulungan kita. Mila sampun sakmesthinipun gesang kita kebak ing kabingahan lan panuwun konjuk ing ngarsanipun. Punapa kita taksih ngendelaken kakiyatan lan kasagedan kita piyambak? Temtu tanpa campur asta, kakiyatan lan pitulunganipun Gusti, sadaya badhe nglaha lan kita boten saged menapa-menapa. I*SCYN



UMAT KANG RAHAYU

“Rahayu wong kang ndarbeni Allaha Rama Yakub minangka pamomonge, kang pangarep-arepe marang Sang Yehuwah, Gusti Allaha.”

(Mazmur 146:5)

Upami, ing satunggaling wekdal kita wangsul saking nyambut damel utawi saking kekesahan. Badan kita kraos pegel, sayah lan padharan kraos ngelih utawi luwe. Ndilalah ing meja makan sampun cumepak lan cumawis tetedhan ingkang dados klangenlan lan kareman kita. Kinten-kinten punapa ingkang badhe kita tindakaken? Ah, nggih gantos rasukan rumiyin... ah nggih wijik-wijik rumiyin utawi siram-siram rumiyin. Ananging kadospundi nalika padharan kita sampun ngelih utawi luwe sanget? Kamangka tetedhan ing meja punika sampun cumepak lan cumawis? Temtu, badhe kita tedha mbok menawi ngantos telas lan ‘ludes’.

Kados Sang Juru Mazmur, ingkang saestu ngorong sanget dhateng gesang ingkang kebak karahayon. Awit Juru Mazmur ngadhepi kesayahan lan momotan ing salebeting gesang lan timbalanipun. Pranyata, pitulungan lan karahayon punika sampun cumepak lan cumawis ing gesangipun. Pitulungan lan karahayon punika boten sanes kejawi namung saking Pangeran Yehuwah, Allahipun Rama Yakub. Pramila Sang Juru Mazmur ngendikaaken, *“Rahayu wong kang ndarbeni Allaha Rama Yakub minangka pamomonge, kang pangarep-arepe marang Sang Yehuwah, Gusti Allaha.”* (Mazmur 146:5).

Kita punika saestu dados umat ingkang rahayu. Awit kita nggadhahi Gusti Allah ingkang tansah nyawisaken pitulungan lan karahayon kangge kita. Mila menawi pitulungan lan karahayon sampun cumepak lan cumawis ing gesang kita. Menapa ingkang kita tindakaken? Punapa boten kita gayuh lan boten kita pendhet? Saestu eman sanget menawi namung kita kendelaken. Nanging temtu sansaya kita gayuh gesang wonten Panjenenganipun. Awit boten wonten pangajeng-ajeng ingkang saged kita andelaken ing gesang kita, namung Pangeran Yehuwah Gusti Allah kita ingkang dados sumbering pitulungan lan karahayon. I*SCYN



SIH-RAHMAT

“Lan padha kabenerake kanthi lelahanan awit saka sih-rahmate lumantar panebuse Sang Kristus Yesus.” (Rum 3:24)

Wonten unen-unen “Sirah gawe sikil, sikil gawe sirah”. Temtu unen-unen cundhuk kados tiyang sepuh ingkang berjuang kagem nggulawentah lan masadepan putra-putranipun. Mila wonten lagu “Wiwit Aku Isih Bayi” (Versi lagu Kulihat Ibu Pertiwi) ingkang cakepanipun mekaten:

Wiwit aku isih bayi, wong tuwa sing ngopeni

Nganthi tumeka saiki, tetep donga pamuji

Mangkat sekolah disangoni, sandhang pangan wis mesti

Mula aku wajib bekti, turut mbangun ngajeni.

Punapa kita badhe nglirowakaken lan dadosaken muspra sadaya katresnan, perjuangan, lan pangorbananipun tiyang sepuh kita?

Prekawis ingkang sami, punapa ingkang sampun katindakaken dening Sang Kristus Yesus 2.000 tahun kapengker. Panjenenganipun ngorbanaken sarira tuwin rahipun, kangge nebus dosaning jagad lan kita sadaya. Kados pangandianipun wonten ing kitab Rum 3:23, *“Marga kabeh wong wis padha gawe dosa sarta koncatan ing kamulyaning Allah”*. Nanging katresnan lan pangorbananipun Gusti dhatengaken panebusing dosa lan sih rahmat, kados suraosing Rum 3:24 *“Lan padha kabenerake kanthi lelahanan awit saka sih-rahmate lumantar panebuse Sang Kristus Yesus.”*

Kita punika minangka manungsa ingkang kebak dosa, panerak lan kalepatan wonten ngarsanipun Gusti. Sadaya patrap gesang kita ingkang sae, dedana ingkang kathah, peladosan ingkang hebat, punika boten saged milujengaken kita. Nanging puji Gusti awit sih-rahmatipun Allah, panebusing Sang Kristus Yesus kita dados umat-umat ingkang kaleresaken lan kawilujengakan. Pramila sadaya lampah gesang, pangibadah saha peladosan dhateng Gusti lan sesami punika wujud raos sokur awir sih-rahmatipun. I*SCYN



TAN MAWANG TIYANG

“Atur wangsulane: Inggih tiyang ingkang nandukaken kawelasan dhateng piyambakipun punika.” Pangandikane Gusti Yesus: “Wis mundura, lan nglakonana mangkono uga!” (Lukas 10:37).

“Mbok nek dadi wong tuwa kuwi aja ‘emban cindhe emban siladan’!!!”. Punika aturipun satunggaling putra dhateng tiyang sepuhipun, ingkang rumaos dipun beda-bedakaken wonten satengahing kulawarganipun. Pancen dados tiyang sepuh punika kedah adil lan boten pilih kasih dhateng sadaya putranipun. Tiyang sepuh kedah nglenggana bilih saben putra gadhah kakirangan lan kaluwihan piyambak-piyambak. Temtu boten wonten ‘anak emas’, ‘anak kesayangan’, lsp. Sadaya kedah dipungatosaken lan dipuntresnani tanpa pilih sih lan boten dipunbenten-bentenaken.

Mekaten ugi katresnan kita dhateng sesami. Katresnan punika boten pilih-pilih lan boten mbenten-mbentenaken sinten sesami kita. Katresnan boten winates ingkang kita tulungi lan tresnani punika beda suku, agami, ras, golongan, warni kulit, lsp. Temtu Sesami kita punika sinten kemawon, ingkang gadhah hak nampi katresnanipun Allah lumantar katresnan lan kawelasan kita. Cundhuk kaliyan pasemon bab wong Samaria kang welasan. Nalika Ahli Toret nyobi dhateng Gusti Yesus, *“Sesami kula punika sinten?”* Gusti Yesus paring wangsulan, *“Inggih tiyang ingkang nandukaken kawelasan dhateng piyambakipun punika.”*

Ing gesang punika taksih wonten ingkang nandukaken katresnan, kawelasan lan kasaenan kanthi mawang tiyang. Menawi boten tunggal agami boten kula tresnani, menawi boten tunggal suku boten kula welasi, menawi boten tunggal golongan boten kula tulungi, lsp. Katresnan punika dados identitas lan jatidhiri pandherekipun Gusti Yesus. Mugi kita sami kasagedna nandukaken katresnan dhateng sesami kita tanpa mawang tiyang, satemah kita boten mbatesi katresnanipun Allah ingkang tanpa winates. I*SCYN



KATRESNAN LAN KASETYAN

“...wit dhatenga pundi kemawon purug panjenengan, kawula inggih badhe ndherekaken, sarta wontena pundi kemawon anggen panjenengan nyare, kula inggih badhe ndherek sipeng....” (Rut 1:16).

Wonten seratan ing bak truk, ingkang endah suraosipun: *“Hidup ini tidak ada yang abadi, setiap masalah pasti punya solusi, setiap cobaan bisa dilewati dan setiap kecemasan bisa diatasi.”* Saking seratan punika ngetingalaken kadospundi pengakenipun manungsa. Bilih estunipun sadaya prekawis punika saged dipunlampahi lan saged dipunatasi menawi kita nggadha pangajeng-ajeng lan kayakinan.

Waosan dinten punika paring piwucal. Bilih gesanging manungsa punika salir gumantos, wonten bingah-sisah, saras-sakit, gagal-sukses, lsp. Nalika kita nampi kabingahan, kados-kados wekdal punika lampahipun rikat utawi cepet sanget. Nanging nalika ngalami kasedhihan, wekdal punika karaos dangu angenipun lumampah. Pengalaman ingkang kados mekaten dipunalami lan dipunraosaken dening Naomi. Inggih pengalaman ingkang saestu mrihatosaken sanget. Wekdal ing Israel wonten ing mangsa pailan, Naomi sakbrayat kesah wonten ing tanah Moab. Inggih mrihatosaken malih, Elimelekh garwanipun sarta Makhlon lan Kilyon putranipun tilar donya. Naomi ngraosaken sedhik nanging boten kecalan ing pangajeng-ajeng. Naomi gumregah mbangun gesang salajengipun kaliyan mantunipun kinasih, ingkang asma Rut. Rut tansah tresna asih lan setya dhateng marasepuhipun, dhateng pundi kemawon Naomi kesah, Rut tresna lan setya ndherekaken.

Sinau saking Naomi lan Rut. Kadospundi tumrap gesang kita, nalika karibedan nemahi gesang kita? Tamtu kita saged sinau bilih katresnan lan kasetyan dhateng kulawarga kita, sae dhateng garwa, putra, tiyang sepuh, putra mantu, marasepuh lan sinten kemawon, dadosaken kulawarga ingkang tatag taggon, ngraosaken suka bingah lan kebak ing pangajeng-ajeng. I*SCYN

